

# VÈSYON KI MONTRE PA GEN OKENN GWO ENPAK

## Pwogram Peyaj Distri Sant Biznis (CBD)

New York, New York

Ajans Federal ki Pran Latèt

Biwo Fedral Otowout

Sipòtè Pwojè yo

Ministè Transpò Eta Nouyòk

Triborough Bridge and Tunnel Authority

Ministè Transpò Vil Nouyòk



U.S. Department  
of Transportation  
**Federal Highway  
Administration**



**Department of  
Transportation**



Avril 2023



# Poukisa Biwo Federal Otowout (FHWA) a pibliye yon Vèsyon Ki Montre Pa Gen Okenn Gwo Enpak (FONSI)?

Si yo apwouve Aksyon Ki Pwopoze a, se ap premye pwopozisyon nan tout peyi a k ap jere blokis pa mwayen yon sistèm peyaj. Ann amoni ak règleman Komite Kalite Anviwònman yo (40 CFR 1501.6) ajans lan dwe mete FONSI disponib pou piblik la li pandan 30 jou anvan ajans la pran dènye desizyon l pou l konnen si l dwe prepare yon deklarasyon enpak sou anviwònman e anvan desizyon an kòmanse aplike.

## VÈSYON FONSI

FHWA wè Aksyon ki Pwopoze ki dekri nan Dènye Vèsyon EA a p ap gen okenn gwo enpak sou moun oswa anviwònman natirèl la. Vèsyon FONSI sa abaze sou dènye vèsyon EA a ki nan dispozisyon ki pran pou diminye enpak yo. FHWA te fè analiz poukont li e l te decide pale sou objektif ak bezwen, pwoblèm nan anviwònman yo, ak enpak Aksyon Pwopoze a genyen ak dispozisyon ki pran pou diminye enpak yo. Dènye Vèsyon EA a bay ase prèv ak analiz pou decide yon deklarasyon enpak sou anviwònman an pa obligatwa. FHWA pran angajman pou l responsab enfòmasyon ki nan Dènye Vèsyon EA, pou l fyab, ak nivo l ap atenn.

Moun ki voye l:

\_\_\_\_\_  
Allison L. C. de Cerreño, Ph.D.  
Prezidan Direktè Jeneral  
Triborough Bridge and Tunnel Authority

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Nicolas A. Choubah, P.E.  
Enjenyè Anchèf  
Ministè Transpò Eta Nouyòk

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Eric Beaton  
Komisè Adjwen, Planifikasyon & Jesyon Transpò  
Ministè Transpò Vil Nouyòk

\_\_\_\_\_  
Dat

Moun ki apwouve l:

\_\_\_\_\_  
Richard J. Marquis  
Responsab Depatman, Depatman Eta Nouyòk  
Biwo Fedral Otowout

\_\_\_\_\_  
Dat



Biwo Federal Otowout la ka pibliye yon avi nan Rejis Federal lam ann amoni ak Kòd 23 Etazini (USC) § 139(l), ki fè konnen youn oswa plis ajan Federal pran dènye desizyon anrapò ak pèmi, lisans, oswa apwobasyon pou pwojè transpò. Si avi sa a pibliye, demann pou fè kontwòl legal desizyon ajan Federal sa yo pran yo ap entèdi sof si demann sa yo ale 150 jou aprè dat avi a fin pibliye, oswa nan espas yon peryòd ki pi kout jan sa mansyone nan lwa Federal yo ann amoni ak kontwòl Legal desizyon ajans Federal ki otorize a. Si pa gen avi ki pibliye, y ap aplike lòt delè lwa federal yo mete sou pye anrapò ak reklamasyon yo.



# Sa dokiman an gen ladan l

1. Kisa Aksyon Ki Pwopoze a ye? .....	1
2. Ki Angajman Ki Pran Pou Diminye Enpak Negatif Aksyon Ki Pwopoze a ap Genyen?.....	2
3. Dènye Evalyasyon Sou Anviwònman an Disponib (Espas ki rezève) .....	26
4. Ki Chanjman Ki te fèt nan Dènye Vèsyon EA a? (Espas ki rezève) .....	26
5. Ki Kòmantè Nou Te Resevwa Nan Dènye Vèsyon EA a? (Espas ki rezève) .....	26
6. Ki Sa Pwochen Etap Yo Ye?.....	26

## Tablo

Tablo 1.	Rezime Avantaj ak Enpak pou Opsyon Peyaj CBD pa Rapò ak Senaryo Peyaj yo.....	3
Tablo 2.	Dispozisyon ki pran pou gen rediksyon ki baze sou rejyon an ak kote a .....	16
Tablo 3.	Rapò Konsènan Lòt Apwòch pou Mete Sou Pye Pwogram Peyaj CBD pou Diminye Enpak yo epi Amelyore Dispozisyon ki Pran yo] .....	17

## Apendis

### **Li disponib sou fòm elektwonik sou sit entènèt pwojè a. N ap bay lyen an. (Espas ki rezève)**

- Apendis A. Dènye Evalyasyon Sou Anviwònman Central Business District (Cbd) Tolling Program (Espas ki rezève)
- Apendis B. Kòmantè Piblik la Sou Dènye Evalyasyon Sou Anviwònman (Espas ki rezève)
- Apendis C. Avi Pou Fè Piblik la Konnen Dènye Dènye Evalyasyon Sou Anviwònman an ak Vèsyon Ki Montre Pa Gen Okenn Gwo Enpak la disponib (Espas ki Rezève)





# 1. Kisa Aksyon Ki Pwopoze a ye?

Opsyon Peyaj CBD (Pwojè a) ap mete soy pye yon pwogram pèman nan sikilasyon an pou diminye blokis nan CBD Manhattan, ann amoni ak Lwa Sou Sikilasyon an.<sup>1</sup> Bi pwojè a se pou diminye blokis nan CBD Manhattan nan yon fason ki pral rantrè lajan pou amelyorasyon transpò a alavni, pandan y ap konsidere Pwogram Esè Pou Gade Pri yo (VPPP) FHWA a.

CBD Manhattan gen ladan l zòn jeyografik sid Manhattan ak 60th Street, men, men Franklin D. Roosevelt (FDR Drive), West Side Highway/Route 9A, Battery Park Underpass ak nenpòt pòsyon wout Hugh L. Carey Tunnel ki konekte ak West Street (the West Side Highway/Route 9A) pa ladan l. Ak opsyon Peyaj CBD a, Triborough Bridge and Tunnel Authority (TBTA) ki se yon koneksyon ak Metropolitan Transportation Authority (MTA), ap fè machin k ap antre oswa rete nan CBD Manhattan yo peye pa mwayen yon sistèm peyaj san lajan kach. Peyaj la ap aplike pou tout machin ki anrejistre (sa vle di sa ki gen plak) sof machin k ap pot moun ki andikape e k machin ijans ki respekte kritè yo e ki gen otorizasyon.<sup>2 3</sup> Machin ki pot moun yo p ap peye plis pase yon fwa pa jou.<sup>4</sup> Mwayen Transpò k ap "rete" nan CBD Manhattan yo se achin yo wè ki prale, men ki pa t antre nan menm jou a. Piske nou wè yo prale, yo dwe te pase nan CBD Manhattan nan pou yo pase kote nou ka wè yo a, kidonk, yo te "rete" pandan yon tan nan jounen an. Machin sa yo ap peye pou jou sa a poutèt yo te rete nan CBD Manhattan nan.

Abitan ki gen kay prensipal yo nan CBD Manhattan epi ki antre pi piti pase 60, 000 dola nan Eta Nouyòk ap kalifye pou yon kredi sou taks Eta Nouyòk k ap egal ak montan yo peye pou machin CBD Manhattan pandan ane fiskal la.

Montan pèman an ap varye, pèman ka monte pandan peryòd anpil aktivite lè gen anpil blokis. Piske konsekans yo gen yon relasyon sere ak fason sistèm peyaj la fèt, Opsyon Peyaj CBD a te evalye yon seri fason peyaj la fonksyone nan senaryo peyaj ki mansyone yo. Nan pifò nan egzanp peyaj sa yo, montan pèman pou diferan kalite machin yo, tankou kamyon livrezon, diferan de montan pou machin ki pa machin biznis ki pote moun. TBTA ap mete sou pye montan peyak la ak fason l fonksyone, jan sa dekri nan Seksyon 6 la.

---

<sup>1</sup> Lwa Anrapò Ak Sikilasyon an chanje pati nan kèk lwa, ki gen ladan l Lwa pou Mwayen Transpò ak Sikilasyon, Lwa Otorite Piblik la, ak Lwa Konsènan Taks la. **Apendis 2B Dènye Vèsyon EA, "Lòt Opsyon Pou Pwojè a: Chanjman nan MTA ak Lwa sou Sikilasyon nan Wout,"** bay chanjman nan tèks nan lwa yo.

<sup>2</sup> Machin ijans ki gen otorizasyon e ki reponn ak kritè yo dekri nan Lwa Ki Ranfòse Pou Eta Nouyòk la, Lwa Konsènan Machin ak Sikilasyon an, Tit 1, Atik 1 Seksyon 101. Jan sa defini nan moman an, machin ki reponn ak kritè yo e ki pote moun ki andikape yo gen ladan yo machin ki gen plak gouvènman ba yo ak gwoup machin ki pou òganizasyon oswa òganizasyon ap jere e ki la pou fè transpò moun andikape.

<sup>3</sup> Peyaj la pa t ap aplike pou mwayen transpò ki pa ranpli kondisyon anrejistremant yo, tankou bisiklèt, twotinèt elektrik, bisiklèt elektrik (sa yo rele "e-bikes" la).

<sup>4</sup> Pasaje nan machin dekri nan Lwa Ki Ranfòse Pou Eta Nouyòk la, Lwa Konsènan Machin ak Sikilasyon an, Tit 4, Atik 14 Seksyon 401 (6).

## **2. Ki Angajman Ki Pran Pou Diminye Enpak Negatif Aksyon Ki Pwopoze a ap Genyen?**

Tablo 1 an rezime enpak Pwojè a ka genyen jan sa parèt nan Dènye Vèsyon EA a ak kontwòl ak diminisyon angajman yo Sipòtè Pwojè yo fè FHWA wè ki p ap gen gwo enpak. Tablo 2 ak 3 yo dekri Sipòtè Pwojè yo ak ajans lokal ki konsène yo ki ka mete sou pye dispozisyon pou diminye enpak yo ak ranfòsman dispozisyon yo ak otorite Sipòtè Pwojè yo genyen pou mete sou pye dispozisyon pou diminye enpak yo.

Tablo 1. Rezime Avantaj ak Enpak pou Opsyon Peyaj CBD pa Rapò ak Senaryo Peyaj yo.

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON	
					A	B	C	D	E	F	G			
<b>4A – Transpò: Konsekans Transpò Rejyonal yo ak Modèl</b>	Kantite Mwayen Transpò	Diminye kantite vwayaj veyikil yo fè chak jou CBD Manhattan anjeneral. Kèk devyasyon nan diferan kwazman nan CBD Manhattan oswa ozalantou CBD Manhattan, toudepan de senaryo pèman an. Pandan trafik la, ak vwayaj kamyon yo, ogmante sou kèk otowout ki fèt an won, an menm tan an tou genyen yon rediksyon nan trafik sou lòt branch otowout yo nan CBD. Deviyasyon yo pral ogmante oswa diminye volim trafik la nan entèseksyon lokal yo tou prè kwazman CBD Manhattan yo.	Zòn kwazman pou ale CBD Manhattan	% Ogmante oswa diminye kantite veyikil k ap antre nan CBD Manhattan pa rapò a Okenn Aksyon Altènatif	-15%	-16%	-17%	-19%	-20%	-18%	-17%	Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Enpak Pozitif	
	Vwayaj sou machin pou ale CBD Manhattan		CBD Manhattan	% Ogmante oswa diminye kantite vwayaj sou machin travayè yo fè pou ale CBD Manhattan relativ a Okenn Aksyon Altènatif	-5%	-5%	-7%	-9%	-11%	-10%	-6%	Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Enpak Pozitif	
	Pakou Kamyon yo nan CBD Manhattan		CBD Manhattan	Bonjan ogmantasyon oswa rediksyon nan vwayaj travayè yo fè chak jou pou ale CBD Manhattan relativ a Okenn Aksyon Altènatif	-12 571	-12 883	-17 408	-24 017	-27 471	-24 433	-14 578	Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Enpak Pozitif	
	Vwayaj Transpò		CBD Manhattan	% Ogmante oswa diminye pakou kamyon yo chak jou nan CBD Manhattan (ki san orijin oswa san destinasyon nan CBD) relativ a Okenn Aksyon Altènatif	-4645 (-55%)	<b>[-4,967]</b> (-59%)	-5253 (-63%)	-5687 (-68%)	-6604 (-79%)	-6784 (-81%)	<b>[-1.734]</b> (-21%)	Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Enpak Pozitif	
	Rezilta Trafik		Anjeneral I ap diminye kantite milyaj veyikil yo vwayaje (VMT) nan CBD Manhattan ak nan rejyon an anjeneral nan tout senaryo peyaj yo ak kèk chanjman soti nan veyikil ale nan mod transpò komen.	CBD Manhattan	% Ogmante oswa diminye nan transpò an komen chak jou nan CBD Manhattan ki lye a Okenn Aksyon Altènatif	+1 to +3%							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Okenn Enpak negatif
				CBD Manhattan		-9% to -7%							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Enpak Pozitif nan CBD Manhattan, Vil New York (ki pa-CBD), pati nò Vil New York ak Connecticut; menmsi ap gen ogmantasyon VMT nan Long Island ak New Jersey, enpak yo p ap negatif.
				NYC (CBD non-Manhattan)		-1 to 0%								
				Nouyòk pati nò NYC	% Ogmante oswa diminye nan VMT chaj jou san Okenn Aksyon Altènatif	-1% to 0%								
				Long Island		Mwens ke (+) 0,2% chanjman								
				New Jersey		Mwens ke (+) 0,2% chanjman								
Connecticut		Mwens ke (+) 0,2% chanjman												

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
4B – Transpò: Otowout ak Entèseksyon Lokal	Trafik – Branch Otowout	Entwodiksyon Pwogram Peyaj CBD ka ogmante blokis sou branch otowout ki pwòch wout ki gen koub yo pou evite peyaj CBD Manhattan, ki ka lakoz yon ogmantasyon nan reta ak fil atant nan midi ak aprè midi sou sèten branch nan kèk senaryo peyaj. <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Direksyon lwès Long Island Expressway (I-495) prè Tinèl Queens-Midtown Tunnel (midi) Pwòch direksyon lwès Pon George Washington sou I-95 (midi)</li> <li>▪ Direksyon Sid ak direksyon nò FDR Drive ant East 10th Street ak Brooklyn Bridge (PM)</li> <li>▪ Lòt kote yo pral wè yon rediksyon nan blokis la sitou sou wout ki tou prè CBD Manhattan yo.</li> </ul>	10 branch otowout (AM) 10 branch otowout (nan mitan jounen an) 10 branch otowout (Aprè Midi)	Branch otowout ki gen reta ki ogmante ak fil atant nan lè kote trafik la anbarase ap lakoz efè negatif	0 sou 10 koridò otowout nan senaryo peyaj yo analize yo (Senaryo Peyaj D) 2 sou 10 koridò otowout nan senaryo peyaj yo analize yo (Senaryo Peyaj D) ansanm ak Senaryo Peyaj E ak F yo  1 sou 10 koridò otowout nan senaryo peyaj yo analize yo (Senaryo Peyaj D) ansanm ak Senaryo Peyaj E ak F yo							Wi	<b>Gen kontwòl ki nesese.</b> Sipòtè Pwojè yo pral reyalize yon plan kontwòl anvan reyalizasyon ak aprè reyalizasyon enfòmasyon ki rasanble yo anviwon twa mwa aprè kòmansman <b>[Peyaj la]</b> operasyon yo ak limit; si yo antre oswa travèse limit yo, Sipòtè Pwojè yo pral aplike plizyè mezi Jesyon Demand Transpò (TDM), tankou mezi ranp, moun ki sou moto k ap bay enfòmasyon, siyalizasyon sou tout otowout ke yo dezinye ki gen efè negatif nan reyalizasyon Pwojè a. <b>[NYS DOT posede epi pran swen pati nan otowout Long Island Expressway ak I-95. Pati nan otowout FDR ki pou NYSDOT pati sid Montgomery Street ak pati nò Montgomery Street. Lè y ap mete dispozisyon sa yo sou pye se pwopriyetè otowout yo k ap aranje sa e pwopriyetè otowout yo ak byen ki sou otowout yo enpètan pou mete TDM nan sou pye.]</b>  Aprè yo fin mete sou pye <b>[dispozisyon TDM yo]</b> , Sipòtè Pwojè yo pral kontwole efè yo, si sa nesese, TBTA pral chanje tarif pèman yo, kredi pou travèse, eksepsyon ak/oswa rabè <b>[nan kritè orè pou peyaj nou chwazi a]</b> pou diminye enpak negatif yo.
	Entèseksyon	Chanjman nan modèl trafik yo, avèk ogmantasyon nan trafik nan kèk lokal ak rediksyon nan kèk lòt, ap chanje kondisyon nan kèk entèseksyon lokal tou prè ak nan CBD Manhattan. Nan 102 entèseksyon yo analize yo, nan pifò entèseksyon reta yo ap diminye.  Efè negatif potansyèl nan kat entèseksyon lokal yo nan Manhattan: Ri Trinity Place ak Edgar (midi); Ri East 36th ak Dezyèm Avenue (midi); Ri East 37th ak Twazyèm Avenue (midi); Ri East 125th ak Dezyèm Avenue (Maten, Aprè Midi)	363 lokal (Tout jounen an) 102 zòn (Maten) 102 zòn (nan mitan jounen an) 102 zòn (Aprè Midi) 57 zòn (nan nwit) 4 zòn	Kantite ka entèseksyon ki gen ogmantasyon nan volim 50 oswa plis veyikil nan lè anbarase yo.  Zòn ki gen enpak negatif potansyèl reglaj tan siyal yo <b>[pral]</b> rezoud	9 2 1 1 5 0	10 2 2 1 5 0	24 3 4 1 16 0	50 3 16 10 21 4	48 3 16 9 20 4	50 3 17 9 21 4	10 2 0 1 5 0	Wi	<b>Dispozisyon pou diminye enpak yo nesese.</b> <b>[NYCDOT]</b> kontwole entèseksyon kote <b>[ka gen]</b> yo idantifye enpak negatif yo ak fè aranjman apwopriye nan lè siyal yo pou kontwole efè a, selon pratik nòmal NYCDOT.  <b>Amelyorasyon</b> Fè referans a amelyorasyon jeneral sou kontwòl nan fen tablo sa a.

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
4C – Transpò: Transpò Piblik	Sistèm Transpò	Pwojè a pral kreye yon sous revni ki dedye pou envesti nan sistèm transpò komen an. Pakou transpò a ap ogmante pa 1 a 2 pousan nan tout sistèm nan pou vwayaje ale ak soti CBD Manhattan, paske kèk moun pral pran transpò piblik olye ke yo kondi. Ogmante nan pakou transpò komen p ap gen efè negatif sou kapasite line-haul sou nenpòt wout transpò komen.	Transpò Vil New York	%Ogmante oswa diminye nan kantite trajè transpò a chak jou nan tout semèn.	1,5% a 2,1%							Non	Pa gen kontwòl ki nesese. Okenn Enpak negatif
			CHEMEN		0,8% a 2,0%								
			Long Island Rail Road		0,6% a 2,0%								
			Metro-North Railroad		0,6% a 1,9%								
			Vwayaje pou ale travay nan tren NJ TRANSIT		0,3% a 2,3%								
			Bis MTA/NYCT		1,3% a 1,6%								
			Bis NJ TRANSIT		0,5% a 1,1%								
			Lòt bis (operatè banlye ak operatè prive)		0,0% a 0,9%								
			Bak (Tren Staten Island, Bak NYC, NY Waterway, Seastreak)		2,5% a 3,5%								
	Tram Roosevelt Island	1,7% a 4,1%											
	Efè Sistèm Bis	Diminye nan volim trafik nan CBD Manhattan ak tou prè fwontyè CBD Manhattan 60th Street ap redui blokis ki gen efè negatif sou fonksyonman bis, fasilite plis vwayaj fyab e pi rapid.	Bis lokal Manhattan	%Ogmante oswa diminye o maksimòm estasyon pasaje yo	Ogmante soti 0,5% a 1,2%							Non	Pa gen kontwòl ki nesese. Okenn Enpak negatif
			Bis express Bronx		-1,6% a 2,2%								
			Bis express ak bis lokal Queens yo (atravè Pon Ed Koch Queensboro)		2,0% a 2,8%								
			Bis express Queens (atravè Tinèl Queens-Midtown)		-1,3% a 4,1%								
			Bis dirèk ak bis lokal Brooklyn		1,3% a 2,6%								
			Wout express Staten Island (pa Brooklyn)		3,7% a 4,5%								
			Wout express Staten Island (atravè NJ)		1,0% a 2,8%								
			Bis NJ/West Hudson (atravè Tinèl Holland)		-1,4% a 1,4%								
Bis NJ/West Hudson (atravè Lincoln Tunnel)			0,4% a 1,5%										

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
<b>4C – Transpò: Transpò (Cont'd)</b>	Eleman Vwayaj	<p>Ogmantasyon trajè yo ap fè efè sou kantite pasaje avèk risk pou efè negatif nan kèk eleman sikilasyon vètikal (sa vle di eskalye ak eskalye mekanik) nan senk estasyon transpò:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Estasyon Hoboken Terminal, Hoboken, NJ PATH</li> <li>Estasyon tren Times Sq-42 St/42 St-Port Authority Bus Terminal nan CBD Manhattan (N, Q, R, W, ak S; Nos. 1, 2, 3, ak 7; ak liy A, C, E)</li> <li>Estasyon tren Flushing-Main St, Queens (No. 7 liy)</li> <li>Estasyon tren 14th Street-Union Square nan CBD Manhattan (Nos. 4, 5, ak 6; ak L, N, Q, R, W lines)</li> <li>Estasyon tren Court Square, Queens (No. 7 ak liy E, G, M)</li> </ul>	Estasyon Hoboken Terminal–PATH (NJ) Eskalye 01/02	Kantite pasaje yo ogmante oswa nan eskalye yo nan lè ki anbarase	45	72	122	164	240	205	139	Wi	<b>Gen kontwòl ki nesèsè pou Senaryo Peyaj E ak F.</b> TBTA pral travay avèk NJ TRANSIT ak PANYNJ pou kontwole volim pyeton sou Eskalye 01/02 yon fwa pa mwa avan operasyon peyaj yo kòmanse pou etabli yon baz, e de mwa aprè operasyon Pwojè a fin kòmanse. Si yon konparezon kantite pasaje ki nan Eskalye 01/02 ak aprè aplikasyon Pwojè a montre yon chanjman ki pi gwo oswa egal a 205, TBTA pral travay avèk NJ TRANSIT ak PANYNJ pou fè amelyorasyon nan sinyalizasyon ak jwenn yon fason pou devye kèk moun pou yo pa pran Eskalye 01/02 a, ak plis anplwaye si sa nesèsè.
			Estasyon tren 42 St-Times Square–square Eskalye (Manhattan) ML6/ML8 ki konekte mezzanine avèk platfòm tren anba tè uptown liy 1/2/3	Bonjan ogmantasyon oswa rediksyon nan volim pasaje nan estasyon ANJENERAL pa rapò avèk Senaryo Peyaj E a (pa sèlman nan eskalye oswa zòn ki afekte) nan lè ki anbarase, peryòd ki anbarase	63%	59%	68%	82%	100%	82%	56%	Wi	<b>Gen kontwòl ki nesèsè.</b> TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou retire bawo santral la epi estandadize sak pou ki pou fè mach eskalye a monte a, pou eskalye a ka rankontre avèk kòd la san bawo a. Y ap fikse limit la pou pèmèt gen ase tan pou fè kontwòl la pou efè negatif la pa rive.
			Estasyon tren anba tè Flushing-Main St (Queens)–Eskalye mekanik E456 ki konekte ri avèk mezzanine	Bonjan ogmantasyon oswa rediksyon nan volim pasaje nan estasyon ANJENERAL pa rapò avèk Senaryo Peyaj E a (pa sèlman nan eskalye oswa zòn ki afekte) nan lè ki anbarase, peryòd ki anbarase	116%	91%	108%	116%	100%	133%	72%	Wi	<b>Gen kontwòl ki nesèsè.</b> TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, MTA NYCT pral ogmante vitès la soti 100 pye pa minit (fpm) a 120 (fpm).
			Estasyon tren Union Sq subway station (Manhattan)–Eskalye mekanik E219 ki konekte platfòm L subway line avèk Nos. 4/5/6 line mezzanine	Bonjan ogmantasyon oswa rediksyon nan volim pasaje nan estasyon ANJENERAL pa rapò avèk Senaryo Peyaj E a (pa sèlman nan eskalye oswa zòn ki afekte) nan lè ki anbarase, peryòd ki anbarase	63%	82%	87%	102%	100%	95%	61%	Wi	<b>Gen kontwòl ki nesèsè.</b> TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, MTA NYCT pral ogmante vitès eskalye mekanik la soti 100 fpm a 120 fpm.

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
<b>4C – Transpò: Transpò (Cont'd)</b>	Eleman Transpò (Cont'd)	Ogmantasyon trajè yo ap fè enpak sou kantite pasaje avèk risk pou efè negatif nan kèk eleman sikilasyon vètikal (sa vle di eskalye ak eskalye mekanik) nan senk estasyon transpò (cont'd)	Estasyon tren anba tè Court Sq (Queens)–Stair P2/P4 a Manhattan-bound No. 7 line	Bonjan ogmantasyon oswa rediksyon nan volim pasaje nan estasyon ANJENERAL pa rapò avèk Senaryo Peyaj E a (pa sèlman nan eskalye oswa zòn ki afekte) nan lè ki anbarase, peryòd ki anbarase	98%	90%	102%	104%	100%	117%	97%	Wi	<b>Gen kontwòl ki nesèsè.</b> TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou w fè yon nouvo eskalye soti nan nò platfòm No.7 pou rive nan lari a. Y ap fikse limit la pou pèmèt gen ase tan pou fè kontwòl la pou efè negatif la pa rive.
<b>4D – Transpò: Pakin</b>	Kondisyon Pakin yo:	Tout senaryo peyaj yo ap pèmèt yon rediksyon nan kantite pakin nan CBD Manhattan menm jan ak yon nivo rediksyon nan vwayaj nan oto nan CBD Manhattan. Avèk yon chanjman soti nan kondi pwòp machin ou ale nan transpò an komen, ap gen plis demand pou pakin nan estasyon tren ak metwo ak etablisman kote moun estasyon epi pran machin andeyò CBD Manhattan.	CBD Manhattan	Narasyon	Rediksyon nan kantite pakin ki nesèsè ak rediksyon nan kantite vwayaj nan oto k ap antre CBD							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Enpak Pozitif
			Etablisman Transpò	Narasyon	Ti chanjman nan kantite demann pou pakin ki nan etablisman transpò yo, koresponn ak kantite moun k ap pran tren dirèk la ak tren an							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Okenn Enpak negatif
<b>4E – Transpò: Pyeton ak Bisiklèt</b>	Sikilasyon Pyeton	Aktivite pyeton sou twotwa yo andeyò sant transpò a ogmante paske itilizasyon transpò an komen an ogmante. Nan tout lokal sof youn nan CBD Manhattan (Herald Square/Penn Station), ogmantasyon nan kantite moun k ap pran transpò komen p ap kreye nouvo pyeton ase pou afekte de fason negatif sikilasyon pyeton yo nan perimèt estasyon yo. Andeyò CBD Manhattan, itilizasyon transpò nan estasyon endividyèl yo pa ogmante ase pou afekte de fason negatif kondisyon pyeton yo sou twotwa, travèse pou pyeton (crosswalks) oswa nan kwen yo.	Herald Square/Penn Station NY	Twotwa, kwen ak travèse pou pyeton lè gen kantite pyeton ki depase limit la nan peryòd ankonbreman nan Maten/Aprè Midi	Efè negatif sou sikilasyon pyeton sou yon twotwa ak de travèse pou pyeton.							Wi	<b>Gen kontwòl ki nesèsè.</b> [NYCDOT] pral reyalize yon plan kontwòl nan lokal sa a. Plan an pral gen yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, [NYCDOT] pral ogmante espas pou pyeton sou twotwa yo ak sou travèse pou pyeton yo nan elaji fizikman ak/oswa retire oswa deplase blokaj yo.
	Bisiklèt	Ti ogmantasyon nan vwayaj sou bisiklèt prè sant transpò yo kòm yon modèl transpò	CBD Manhattan	Narasyon	Ti ogmantasyon nan vwayaj sou bisiklèt toupre sant transpò yo ak pi gwo ogmantasyon nan kantite moun ki pran apye							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Okenn Enpak negatif
			Andeyò CBD Manhattan	Narasyon	Kèk chanjman soti nan otomobil ale nan bisiklèt							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Okenn Enpak negatif
Sekirite	Okenn Enpak negatif	Anjeneral	Narasyon	Okenn gwo ogmantasyon nan volim pyeton oswa ogmantasyon enkyetid pou sekirite ak nan zòn yo idantifye ka gen gran risk aksidan. Anjeneral, mwens vwayaj ki fèt nan machin k ap antre ak soti nan CBD Manhattan, Opsyon Peyaj CBD a ka lakoz rediksyon nan kantite trafik yo nan zòn sa yo. Sa ap ede redui konfli veyikil-veyikil ak veyikil-pyeton, ka debouche sou yon benefis jeneral pou sekirite.							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Okenn Enpak negatif	
<b>5A – Kondisyon Sosyal: Popilasyon</b>	Benefis	Benefis nan CBD Manhattan ak prè CBD Manhattan	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Benefis nan CBD Manhattan ak prè CBD Manhattan ki lye a ekonomize tan trajè, amelyorasyon fyabilite tan trajè, rediksyon depans fonksyonman veyikil, amelyorasyon sekirite rediksyon polisyon lè ak sous finans previzib pou amelyorasyon transpò. Sa ap afekte koneksyon kominote yo de fason pozitif ak aksè a travay, edikasyon, swen sante ak rekreyasyon pou rezidan yo.							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Enpak Pozitif
	Fizyon Kominote	Chanjman nan modèl vwayaj yo ak ogmantasyon nan itilizasyon transpò komen, ki soti nan nouvo peyaj	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Chanjman nan modèl vwayaj yo ak ogmantasyon nan itilizasyon transpò komen, ki rive akoz pwojè a p ap afekte de fason negatif fizyon kominote oswa p ap rann li pi difisil pou moun pou yo konekte avèk lòt nan kominote yo, piske gen yon vas rezo transpò komen ki konekte CBD Manhattan ak ti chanjman nan ti vwayaj ki prevwa.							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Okenn enpak negatif (gade "Jistis Anviwònmantal" anba a pou kontwòl ki lye ogmantasyon depans pou chofè ki gen fèb revni yo).



CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
5A – Kondisyon Sosyal: Popilasyon (Cont'd)	Deplasman Dirèk	Okenn chanjman remakab nan kondisyon sosyoekonomik oswa kou lavi pou ki fè rezidan yo deplase de fason envolonètè.	CBD Manhattan	Narasyon	Pwojè p ap lakoz moun deplase de fason envolonètè. Li p ap lakoz gwo chanjman nan kondisyon mache a joutan pou l ta fè pri kay yo chanje, vin jwenn valè imobilye nan CBD Manhattan deja wo ak plizyè faktè ki afekte chak desizyon fwaye pou konnen ki kote y ap viv. Anplis, moun k ap viv CBD ki gen fèb revni p ap konnen yon ogmantasyon grav nan kou lavi akòz Pwojè a akòz mank chanjman depans pou lojman, plizyè inite lojman jwenn pwoteksyon atravè kontwòl lwaye Nouyòk, estabilizasyon lwaye ak lòt pwogrgam similè, kredi taks ki disponib pou moun k ap viv CBD ki gen revni ki nan 60 000\$, epi konkli ke pri machandiz p ap ogmante akòz Pwojè a (gade "Kondisyon Ekonomik" ki anba a).							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif
	Sèvis ak Swen Pèsonèl	Ogmantasyon depans pou etablisman kominotè ak founisè sèvis nan CBD Manhattan, anplwaye yo k ap travay, ak kliyan ki kondi andeyò CBD	CBD Manhattan	Narasyon	Pwojè a pral ogmante pri founisè sèvis kominotè yo k ap kondi veyikil nan CBD Manhattan ak andeyò CBD Manhattan ak pou moun k ap vwayaje nan veyikil pou ale nan etablisman ak sèvis nan CBD Manhattan, ansanm ak moun k ap viv CBD ak anplwaye etablisman kominotè k ap itilize veyikil pou yo ale nan etablisman kominotè ki andeyò CBD a. Pa rapò avèk yon bann opsyon trajè ki genyen aprè kondi machin, depans pou itilizatè yo kondi pou ale nan etablisman ak sèvis kominotè yo p ap koze enpak negatif sou etablisman ak sèvis kominotè yo.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif
	Efè sou Gwoup Sosyal ki Vilnerab	Avantaj pou gwoup sosyal ki vilnerab nan nouvo finansman pou MTA Capital Program	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Pwojè a ap nan avantaj sèten gwoup sosyal ki vilnerab, ak popilasyon mou ki granmoun, moun ki gen andikap, popilasyon ki depann de transpò, ak popilasyon moun ki pa konn kondi nan kreye yon sous finans pou Pwogram Kaptal 2020–2024 MTA a (epi aprè pwogram capital la, redui blokis nan CBD Manhattan).  Moun ki granmoun ap jwenn avantaj nan lè vwayaj yo ak amelyorasyon fyabilite nan sèvis bis avèk Opsyon Pèman CBD a, piske pasaje bis souvan pi gran moun ke moun k ap kondi nan lòt fòm transit, tankou tren ak, jan li dekri anlè a, pasaje bis CBD Manhattan yo ap jwenn avantaj nan ekonomize tan vwayaj yo akòz rediksyon blokis la.  Moun ki gen plis pase 65 lane ki kalifye kòm moun gen yon andikap resevwa yon rediksyon nan frè sou tren ak bis MTA, yon moun ki granmoun ki gen yon andikap ka resevwa sèvis paratransit MTA tou, ni taks ak FHV k ap fonksyone nan non itilizatè paratransit transpò MTA. Moun ki granmoun ki gen andikap ak moun ki gen fèb revni k ap kondi pou ale CBD Manhattan ap resevwa menm kontwòl ak amelyorasyon ki pwopoze pou moun ki gen fèb revni ak moun ki andikape, anjeneral. Lòt moun ki granmoun k ap kondi pou ale CBD Manhattan ap peye.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn enpak negatif
	Aksede a Travay	Ogmantasyon depans pou ti kras moun k ap kondi pou ale travay	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Diminye nan trajè pou ale travay, nan kondi pou ale CBD Manhattan ak kondi nan CBD Manhattan, avèk yon ogmantasyon nan pakou transit. Sila yo k ap kondi malgre pèman CBD a ap fè sa selon bezwen oswa sa k fè yo konfòtab lè y ap kondi ap jwenn avantaj nan rediksyon blokis CBD Manhattan. Efè neglijab (mwens ke 0,1%) nan trajè pou ale nan travay nan CBD Manhattan ak devyasyon pou soti nan travay nan CBD akòz divès opsyon transpò komen ki disponib ak ti kras moun k ap kondi pou ale nan travay jodia.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif
5B – Kondisyon Sosyal: Pèsonaj nan Katye	Okenn chanman grav nan figi katye yo	CBD Manhattan	Narasyon	Chanjman nan modèl trafik yo nan lari lokal yo p ap chanje okenn eleman enpòtan nan figi katye CBD Manhattan.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif	
		Zòn ki prè fwontyè 60th Street Manhattan CBD	Narasyon	Chanjman nan kantite etasyonman prè fwontyè 60th Street CBD (ak ogmantasyon sèlman direksyon nò 60th Street ak rediksyon sèlman direksyon sid) p ap kreye yon klima dezentvestisman ki ka lakoz efè negatif nan figi katye ni chanje eleman enpòtan nan figi katye nan zòn sa a.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif	
5C – Kondisyon Sosyal: Règleman Piblik	Okenn efè	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Pwojè a ap apwopriye avèk plan transpò rejyonal yo ak lòt règleman piblik ki an plas pou zòn etid rejyonal ak CBD Manhattan.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif	



CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWÒNMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
6 - Kondisyon Ekonomik	Benefis	Benefis ekonomik rejyonal	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Benefis ekonomik nan diminyon blokis nan ekonomize tan vwayaj ak amelyorasyon fyabilite tan vwayaj, k ap ogmante pwodikтивite ak sèvis piblik, ansanm avèk amelyorasyon sekirite ak rediksyon depans operasyon veyikil ki asosye nan rediksyon blokis la.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Enpak Pozitif
	Enpak Ekonomik Depans Pèman yo	Pri nouvo pèman pou travayè ak antrepriz nan CBD k ap fèt sou veyikil	CBD Manhattan	Narasyon	Pa gen okenn enpak negatif sou okenn endistri patikilye oswa kategori pwofesyonèl nan CBD Manhattan. Vin jwenn nivo aksè transpò nan CBD ak pousantaj elve frè transpò a, peyaj la ap afekte sèlman yon ti pousantaj gwoup travay anjeneral. Sa p ap afekte de fason negatif fonksyonman antrepriz yo nan CBD Manhattan oswa vyabilite okenn tip biznis, ni endistri taksi/FHV a.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif  <i>[Nouvote nan dènye vèsyon EA a - Amelyorasyon Sipòtè Pwojè yo pran angajman pou yo mete sou pye yon Gwoup Ki Gen Ti Biznis (SBWG) k ap rankontre 6 mwa anvan e 6 mwa apre Pwojè a fin sou pye, e chak ane apre sa, pou mande avi moun yo kote y ap di si biznis yo sibi enpak yo e kòman sa rive fèt.  Nan kad dispozisyon pou diminye enpak yo nan lòt domèn, TBTA pral asire l tarif pou peyaj lè l ta lanuit yo ap diminye pou rive nan 50 pousan oswa pi ba parapò ak tarif peyaj lè gen anpil aktivite a soti omwen 12:00 AM pou rive 4:00 AM nan fason yo kenbe pou sistèm peyaj CBD la fonksyone a, sa ki pral nan avantaj chofè ki gen revni ki fèb yo k ap vwayaje pandan lè sa a.]</i>
	Pri Machandiz	Pri nouvo peyaj la p ap lakoz okenn chanjman nan pri pi fò machandiz moun konsome	CBD Manhattan	Narasyon	P ap lakoz okenn chanjman nan pri machandiz moun konsome Nenpòt ogmantasyon pri ki rive akoz nouvo pèman nan Opsyon Pèman CBD a ki ta fè repèkisyon sou biznis k ap resevwa machandiz la, se plizyè kliyan ansanm k ap peye chak pèman (puisque kamyon yo fè plizyè livrezon) sitou pou antrepriz, ti antrepriz ak mwayenn antrepriz, k ap resevwa pi piti livrezon. Sa diminye pro nenpòt biznis endividyèl. Gen kèk sektè komodite (materyo konstriksyon, elektwonik, bwason) plis gen tandans ogmante akoz gen mwens konpetisyon sou mache livrezon an.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif
	Endistri Taksi ak FHV.	Tou depan de senaryo peyaj la, pèman an ka redui revni taksi yo ak FHV yo akoz yon rediksyon nan VMT taksi/FHV ki gen pasaje nan CBD. Pandan ke sa ka fè enpak negatif sou chofè endividyèl yo (gade "Jistis Anviwònmantal" anba a), jeneralman endistri a ap rete an vi.	zòn etid 28 awondisman	Chanjman nan VMT taksi/FHV nan tou rejyon an	-126 993 (-2,9%)	-14 028 (-0,3%)	-73 413 (-1,7%)	-217 477 (-5,0%)	-116 065 (-2,7%)	-4888 (-1,0%)	-137 815 (-3,2%)	Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn enpak negatif (gade "Jistis Anviwònmantal" anba a pou kontwòl ki lye a enpak sou taksi ak chofè FHV).
	Enpak sou Ekonomi Lokal la	Chanjman nan kantite pakin prè fwontyè 60th Street CBD	Zòn ki prè fwontyè 60th Street Manhattan CBD	Narasyon	Chanjman nan VMT taksi/FHV chak jou nan CBD	-21 498 (-6,6%)	+15 020 (+4,6%)	-11 371 (-3,5%)	-54 476 (-16,8%)	-25 621 (-7,9%)	+4962 (+1,5%)	-27 757 (-8,6%)	Non
7 – Plas Piblik ak Resous Rekreyasyonèl		Nouvo enfrastrikti peyaj, ekipman sistèm peyaj ak sinyalizasyon nan sid Central Park	CBD Manhattan	Narasyon	Pwojè a pral ranplase kat poto limyè ki la deja nan twa kote nan Central Park prè 59th Street ak de twotwa pa deyò mi plas la. Y ap mete poto sa yo nan menm plas la epi li p ap diminye nan kantite espas sou plas l oswa afekte karakteristik ak aktivite plas la. Pwojè a pral mete enfrastrikti peyaj nan estrikti High Line, andeyò zòn plas la piwo estrikti High Line. FHWA atravè pwosesis enplikasyon piblik la ap chèche konn sa piblik la panse anrapò an"). ak enpak pwojè a sou plas sa yo (gade Chapite 19, "Seksyon 4(f) Evalyasyon an").							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Ale nan Chapit 7, "Plas Piblik ak Resous Rekreyasyonèl," pou lis mezi ki pran pou evite efè negatif sou plas yo.

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
8 – Resous Istorik ak Kiltirèl		Nouvo enfrastrikti peyaj ak ekipman sistèm peyaj sou oswa prè pwopriyete istorik yo	45 pwopriyete istorik nan Zòn Enpak Potansyèl Pwojè a (APE)	Narasyon	Daprè yon revizyon sou Pwojè a konfòmman avèk Seksyon 106 Lwa sou National Historic Preservation Act, FHA detèmine ke Pwojè a p ap gen Okenn Enpak Negatif sou pwopriyete istorik yo ak Biwo State Historic Preservation dakò.							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Ale nan dènye vèsyon EA nan <b>Chapit 8, "Resous Istorik ak Kiltirèl,"</b> pou w jwenn yon lis mezi ki pran pou evite enpak negatif sou batiman istorik yo.
9 – Resous Vizyèl		Chanjman nan anviwònman vizyèl ki rive akòz nouvo enfrastrikti peyaj ak ekipman sistèm peyaj yo	Zòn enpak vizyèl	Narasyon	Enfrastrikti ak ekipman yo ap parèy nan menm fòm avèk poto limyè yo, poto sinyalizasyon, oswa estrikti similè ki deja an plas nan Vil New York. Kamera ki fè pati ekipman sistèm peyaj yo pral itilize limyè enfrawouj nan nwit pou pèmèt yo pran imaj plak yo san yo pa bezwen limyè vizib. Pwojè a p ap gen okenn enpak sou gwoup moun k ap gade yo ak okenn enpak sou resous vizyèl yo							Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif
10 – Kalite Lè		Ogmante oswa diminye nan gaz polyan ki rive akòz devyasyon trafik kamyon ...Rès la pi ba a...	Travèse Bronx Expressway sou Macombs Road, Bronx, NY	Ogmante oswa diminye nan Kantite Vwayaj Chak jou ki fèt Chak ane [Sikilasyon] (AADT)	3901	3996	2056	1766	3757	2188	3255	Non	Pa gen kontwòl ki nesèsè. Okenn Enpak negatif <b>Amelyorasyon</b> 1. Fè referans a amelyorasyon jeneral sou kontwòl nan fen tablo sa a. 2. [TBTA pral kolabore ak NYC DOHMH] pou agrandi kaptè ki la deja pou kontwole lokal ki an priyorite yo, epi ogmante yon ti kras nan kontwòl PM <sub>2.5</sub> an tan-reyèl yo pou bay apèsi sou lè pandan jounen pou gadee si chanjman nan polisyon lè yo rive akòz chanjman ki fèt nan trafik la aprè reyalizasyon Pwojè a. [Sipòtè Pwojè yo pral chwazi plis zòn pou yo siveye nan kesyon analiz y ap fè sou kalite lè a nan EA a ak avi moun k i fè pati kominote po moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a. Ministè ki Responsab Pwoteksyon Anviwònman nan Eta Nouyòk la (NYSDEC) ak lòt ajans k ap kontwole yo pral gen pou yo bay avi yo tou anvan nou fini ak apwòch kontwòl la.] Sipòtè Pwojè yo pral kontwole kalite lè a avan reyalizasyon an (fikse yon baz), ak dezan aprè reyalizasyon an. Aprè peryòd analiz aprè dezan reyalizasyon an, [e ki separe ak kontwòl k ap fèt sou kalite lè a ak rapò k ap fèt yo.] Sipòtè Pwojè yo pra evalye nivo ak vyabilite chanjman nan kalite lè a pou deside si gen plis kontwòl [zòn yo ki] nesèsè. [Enfòmasyon nou rasanble pandan pwogram kontwòl la ap disponib pou piblik la pandan enfòmasyon yo ap disponib e lè analiz la fin fèt. Enfòmasyon nou jwenn pandan n ap fè kontwòl yo ap kontinye disponib tousit sou entènèt soti nan kòmansman pou rive nan mete kontwòl la sou pye.]
				Ogmante oswa diminye nan kantite kamyon chak jou	509	704	170	510	378	536	50		
				Potansyèl efè negatif sou kalite lè pa rapò a devyasyon kamyon yo	Non	Non	Non	Non	Non	Non	Non		
			I-95, Bergen County, NJ	Ogmante oswa diminye nan AADT	9843	11 459	7980	5003	7078	5842	12 506	Non	
				Ogmante oswa diminye nan kantite kamyon chak jou	801	955	729	631	696	637	-236		
				Potansyèl efè negatif sou kalite lè pa rapò a devyasyon kamyon yo	Non	Non	Non	Non	Non	Non	Non		
RFK Bridge, NY	Ogmante oswa diminye nan AADT	18 742	19 440	19 860	19 932	20 465	20 391	21 006	Non				
Ogmante oswa diminye nan kantite kamyon chak jou	2257	2423	2820	3479	4116	3045	432						

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
<b>10 – Kalite Lè (Rès la)</b>		Ogmante oswa diminye nan gaz polyan ki rive akòz devyasyon trafik kamyon (Rès la)	RFK Bridge, NY (Rès la)	Potansyèl efè negatif sou kalite lè pa rapò a devyasyon kamyon yo	Non	Non	Non	Non	Non	Non	Non	Non	3. Aktyèlman MTA ap chanje tout flòt bis li yo an bis elektrik, ki pral redui polisyon lè a epi amelyore kalite lè prè estasyon bis yo ak sou wout yo. MTA pran angajman pou l mete priyorite sou kominote tradisyonèlman ki defavorize ak sila yo move kalite ak chanjman klimatik fè enpak sou yo epi devlope yon apwoch ki toujou antre priyorite sa yo nan pwosesis deplwaman pwogresif tranzisyon an. Daprè komantè yo jwenn pandan sansibilizasyon ki te fèt pou Pwojè a ak enkyetid ke manb kominote jistis anviwònmantral souve, TBTA pral travay avèk MTA ki pran angajman pou l priyoritize Kingsbrige Depot ak Gun Hill Depot, tou de twouve yo nan Tèt Manhattan ak Bronx, lè yo resevwa bis elektrik yo ki nan pwochen majè pwokirasyon bis ki gen batri elektrik ke MTA vle fè, ki te [kòmanse] nan [fen] 2022 a. Efò endepandan sa a MTA NYCT ap fè pou kont li pral bay avantaj pou bon kalite lè nan kominote jistis anviwònmantral yo nan Bronx.
<b>11 – Enèji</b>		Rediksyon nan konsomasyon enèji nan rejyon an	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Rediksyon nan VMT nan rejyon an ap redui nan konsomasyon enèji							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Enpak Pozitif
<b>12 – Bri</b>		Ogmantasyon oswa diminisyon endetektab nan nivo bri ki rive akòz chanjman nan volim trafik la	Kwazman pon ak tinèl	Narasyon	Ogmantasyon nivo bri maksimòm (2.9 dB(A)), ke yo te prevwa menm jan avèk Tinèl Queens-Midtown nan Senaryo Peyaj D a, p ap endetektab.							Non	<b>Pa gen kontwòl ki nesèsè.</b> Okenn Enpak negatif <b>Amelyorasyon</b> Fè referans a amelyorasyon jeneral sou kontwòl nan fen tablo sa a.
			Lari lokal yo	Narasyon	Yo te itilize Senaryo Peyaj C a pou evalye chanjman nan nivo bri nan Sant vil Brooklyn, yo te itilize Senaryo Peyaj D a pou evalye lòt kote yo. Ogmantasyon nivo bri maksimòm yo te prevwa (2.5 dB(A)), nan Trinity Place ak Edgar Street, p ap detektab. Pa t gen okenn ogmantasyon nan nivo bri ki te prevwa nan zòn Sant vil Brooklyn yo.							Non	
<b>13 – Resous Natirèl</b>		Aktivite konstriksyon pou enstale enfrastrikti prè resous natirèl yo	Sit enfrastrikti peyaj ak lokal ekipman sistèm peyaj yo	Narasyon	Okenn enpak sou dlo, marekaj oswa plèn ki ka inonde. Yo pral jere enpak potansyèl sou inondasyon ak resous ekolojik yo nan angajman konstriksyon yo. Pwojè a konfòm avèk politik règleman zòn kot yo.							Non	Ale nan dènye vèsyon EA nan <b>Chapit 13, "Resous Natirèl,"</b> pou yon lis angajman pou konstriksyon pou evite, diminye oswa kontwole enpak negatif potansyèl yo.
<b>14 – Dechè Danjere</b>		Potansyèl pètibasyon nan materyo kontamine oswa danjrepandan	Sit enfrastrikti peyaj ak lokal ekipman sistèm peyaj yo	Narasyon	Pètibasyon sòl pandan konstriksyon ak potansyèl chanjman, retire, oswa pètibasyon nan enfrastrikti wout ak sèvis piblik ki gen nan materyo amyan yo, penti ki gen plon, oswa lòt sibstans danjre. Yo pral jere enpak potansyèl nan angajman konstriksyon yo.							Non	Ale nan dènye vèsyon EA nan <b>Chapit 14, "Materyo ki gen Amyan, Penti ki gen Plon, Dechè Danjre ak Materyo Kontamine,"</b> pou yon lis angajman pou konstriksyon pou evite, diminye oswa kontwole enpak negatif ki ka genyen yo.
<b>15 - Enpak sou Konstriksyon</b>		Dezòd Potansyèl nan konstriksyon pou enstalasyon enfrastrikti peyaj	Sit enfrastrikti peyaj ak lokal ekipman sistèm peyaj yo	Narasyon	Dezòd tanporè nan modèl trafik ak pyeton al bri nan aktivite konstriksyon, k ap dire mwens ke yon ane anjeneral ak anviwon de semèn nan nenpòt zòn. Yo pral jere enpak sa yo nan angajman konstriksyon yo.							Non	Ale nan dènye vèsyon EA <b>Chapit 15, "Enpak Konstriksyon,"</b> pou yon lis angajman pou konstriksyon pou evite, diminye oswa kontwole enpak negatif potansyèl yo.

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWÒNMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
17 - Jistis Anviwònmantal	Chofè ki gen Revni ki Fèb	<b>[EA ki te pibliye nan mwa Out 2022 a te wè]</b> ogmantasyon depans chofè yo pa rapò avèk nouvo peyaj CBD a ki gen enpak yon lòt fason sou chofè ki gen fèb revni k ap antre CBD Manhattan ki pa gen yon lòt opsyon transpò <b>[ki rezonab]</b> pou yo antre CBD Manhattan. <b>[Lòt analiz nou te fè sou moun ki touche yo ak lòt dispozisyon nou te pran pou diminye enpak yo, dènye vèsyon EA a te montre t ap gen yon enpak ki pi grav sou chofè ki gen revni fèb yo. ...Rès la pi ba a...]</b>	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Ogmantasyon pri yo pou chofè yo t ap <b>[rive nan]</b> tout senaryo peyaj yo.							Wi	<p><b>Gen kontwòl ki nesèsè.</b> Pwojè a pral gen yon kredi taks pou pèman CBD moun ki abite nan CBD Manhattan yo peye e ki gen revni total nan Nouyòk pou ane fiskal la ki mwens pase \$60,000. TBTA pral travay de konsè avèk New York State Department of Taxation and Finance (NYS DTF) pou asire dokiman nesèsè yo disponib pou chofè ki kalifye pou kredi taks NYS.</p> <p>TBTA pral afiche enfòmasyon ki gen rapò avèk kredi taks yo sou sit entènèt pwojè a, avèk yon lyen nan kote ki apwopriye sou sit entènèt NYS DTF la pou gide chofè ki kalifye yo jwenn enfòmasyon sou reklamasyon kredi a.</p> <p>TBTA pral elimine depo ranbousab 10\$ a ki la kounye a ki mande pou kliyan E-ZPass ki pa gen yon kat kredi ki konekte avèk kont yo, ki pa fwa se yon baryè pou aksede.</p> <p>TBTA pral amelyore pwomosyon pèman E-ZPass ak opsyon plan ki te la deja, ak kapasite pou chofè yo peye pa vwayaj (olye pou se yon balans yo mete ala <b>[vans]</b> sou aparèy la), ajoute lajan sou kont yo avèk lajan kach nan magazen lokal ki fè pati pwogram nan, ak plan rabè ki deja anplas yo pa konnen ki disponib la.</p> <p>TBTA pral travay avèk MTA pou fè sansibilizasyon ak enfòmasyon sou kalifikasyon pou pwodui ak pwogram rabè frè transpò ak pou moun ki gen 65 e ki pi gran, sila yo ki gen andikap, ak sila yo ki gen fèb revni, sa anpil ka pa konnen.</p> <p>Sipòtè Pwojè yo pran angajman pou kreye yon Gwoup ki gen moun ki gen po fonse e k ap viv anba limit povrete a <b>[k ap fè] rankont [chak twa mwa], e premye rankont lan [ap fèt anvan]</b> yo kòmanse ak pwojè a], pou pataje nouvo enfòmasyon ak analiz epi tande enkyetid ki ka genyen.. <b>[Piske li gen rapò ak kominote kote po moun yo fonse e k ap viv anba limit povrete a, Sipòtè Pwojè yo pral kontinye bay bèl okazyon pou patisipe e pou pran angajman lè l pataje enfòmasyon ki ajou ak analiz yo, tande enkyetid moun yo, e chèche kòmantè moun yo konènan pwosesis pou mete peyaj sou pye a.]...Rès la pi ba a...</b></p>

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
17 – Jistis Anviwòmantal (Rès la)	Chofè ki gen Revni ki Fèb	<b>[EA ki te pibliye nan mwa Out 2022 a te wè]</b> ogmantasyon depans chofè yo pa rapò avèk nouvo peyaj CBD a ki gen enpak yon lòt fason sou chofè ki gen fèb revni k ap antre CBD Manhattan ki pa gen yon lòt opsyon transpò <b>[ki rezonab]</b> pou yo antre CBD Manhattan. <b>[Lòt analiz nou te fè sou moun ki touche yo ak lòt dispozisyon nou te pran pou diminye enpak yo, dènye vèsyon EA a te montre t ap gen yon enpak ki pi grav sou chofè ki gen revni fèb yo. (Rès la).]</b>	zòn etid 28 awondisman	Narasyon	Ogmantasyon pri yo pou chofè yo t ap <b>[rive nan]</b> tout senaryo peyaj yo (Rès la).							Wi	<b>[Nouvote ki nan dènye vèsyon EA a –TBTA pral asire l tarif pou peyaj lè l ta lanuit yo ap diminye pou rive nan 50 pousan oswa pi ba parapò ak tarif peyaj lè gen anpil aktivite a soti omwen 12:00 AM pou rive 4:00 AM nan fason yo kenbe pou sistèm peyaj CBD la fonksyone a, sa ki pral nan avantaj chofè ki gen revni ki fèb yo k ap vwayaje pandan lè sa a.</b>  <b>Nouvote ki nan dènye vèsyon EA a – Pandan senk lane TBTA pran angajman pou l mete sou pye yon Plan Rabè pou chofè ki fè wout la souvan k ap benefisye yon rabè 25 pousan sou montan total pèman E-ZPass CBD a pou tan ki aplikab pandan jounen an aprè 10 vwayaj pandan tout mwa a (peryòd lè l ta lanuit yo pa ladan l, paske yo gentan gen gwo rabè sou yo).</b>  <b>Amelyorasyon TBTA pral kolabore ak MTA NYCT pou amelyore sèvis bis la nan zòn ki mansyone nan EA a pandan Chanjman nan Rezo Brooklyn ak Manhattan lan ap avanse.]</b>
	Chofè Taksi ak FHV	<b>[EA ki te pibliye nan mwa Out 2022 a te wè gen yon]</b> pi gwo konsekans e negatif ap fèt de fason diferan sou chofè taksi ak chofè FHV yo nan Vil New York, yo idantifye ki fè pati minoritè popilasyon yo, nan senaryo peyaj ki fè veyikil yo peye plis ke yon fwa pa jou. Sa ap rive nan Senaryo Peyaj A, D ak G ki pa modifiye; pou chofè FHV yo, l ap rive nan Senaryo Peyaj C ak E. Enpak negatif la ap rive akòz pri nouvo pèman CBD ak rediksyon VMT pou taksi ak FHV yo, k ap lakoz yon diminyasyon nan revni ki ta ka mennen a moun pèdi travay yo. <b>[Ak plis dispozisyon pou diminye enpak yo, dènye vèsyon EA a montre p ap gen yon enpak negatif ki pi gwo sou chofè taksi yo ak FHV yo.]</b>	Vil Nouyòk	Narasyon	Efè negatif potansyèl ap rive nan Senaryo Peyaj A, D ak G, ki p ap gen yon barèk oswa eksepsyon pou chofè taksi oswa chofè FHV.							Wi	<b>[Nouvote nan dènye vèsyon EA a - Kontwòl nesesè. TBTA pral asire sistèm peyaj ki anplas la k ap fè chofè taksi ak FHV yo peye yon fwa pa jou sèlman an ap nan dènye sistèm peyaj yo mete sou pye a.]</b>
				Chanjman nan VMT taksi/FHV avèk pasaje nan CBD relatif a Okenn Akyon Altènatif: Senaryo ki nan EA	-21 498 (-6,6%)	+15 020 (+4,6%)	-11 371 (-3,5%)	-54 476 (-16,8%)	-25 621 (-7,9%)	+4962 (+1,5%)	-27 757 (-8,6%)		
				Chanjman nan vwayaj taksi/FHV chak jou yo pa rapò a senaryo yo nan EA a: Plis analiz pou evalye enpak barèm oswa eksepsyon	Limit pèman nan 1x / Jou: +2%	—	—	Limit pèman nan 1x / Jou: +3% Eksepsyon: +50%	—	—	Limit pèman nan 1x / Jou: +2%		



CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
[17 – Jistis Anviwòmantal (Rès la)	Ogmante oswa diminye nan blokis la, akòz divèsyon nan sikilasyon an, nan kominote ki gentan chaje ak eleman toksik nan anviwòmnan an ak maladi kwonik	Gen kèk kominote kote po moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a ki benefisyè dediksyon nan kantite machin k ap sikile ki gentan chaje ak eleman toksik nan lè a ak maladi kwonik ki ka vin wè gen yon enpak negatif akòz gen plis machin nan sikilasyon an.	Sektè byen presi pou resansman k ap wè gen yon ti chanjman nan ogmantasyon oswa yon rediksyon nan sikilasyon an sa depan de senaryo peyaj la. Kominote ki annapre yo te ka gen sektè resansman ki merite yon rediksyon enpak yo dapre kote a: High Bridge, Morrisania aj Crotona, Tremont, Hunts Point, Mott Haven, Pelham, Throgs Neck, Northeast Bronx, East Harlem, Randall's Island, Lower East Side/Lower Manhattan, Downtown Brooklyn, Fort Greene, South Williamsburg, Orange, East Orange, Newark, ak Fort Lee. (gade nòt 1. an)	Narasyon									<p>Nouvote nan dènye vèsyon EA a - Kontwòl nesesè.</p> <p><b>Rediksyon nan enpak yo nan Nivo Rejyonal</b> TBTA pral asire l tarif pou peyaj lè l ta lanuit yo ap diminye pou rive nan 50 pousan oswa pi ba parapò ak tarif peyaj lè gen anpil aktivite a soti omwen 12:00 AM pou rive 4:00 AM nan fason yo kenbe pou sistèm peyaj CBD la fonksyone a; sa ki pral diminye nan kantite kamyon k ap fè lòt wout pou yo pa peye.</p> <p>NYCDOT pral agrandi Pwogram Kamyon Ki Pa Degaje Eleman Toksik Nan NYC a pou l ale pi rapid nan pwosesis ranplasman kamyon dyezèl yo, ki vwayaje sou otowout ki nan kominote ki gen moun po fonsè e k ap viv anba limit povrete a kote Pwojè a prevwa pral gen plis sikilasyon kamyon, yo mete machin ki degaje mwens eleman toksik, ki alafwa elektrik e ki mache ak gaz, konprese ak gaz natirèl, e ki se machin ki mache ak dyezèl ki pa toksik.</p> <p>NYCDOT pral agrandi pwogram livrezon lè l ta lanuit la nan zòn kote Pwojè a prevwa ap gen yon ogmantasyon nan divèsyon kamyon yo pou diminye sikilasyon kamyon yo pandan lajounen epi ogmante nivo sekirite sou wout la nan kèk kominote kote po moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a.</p> <p><b>Rediksyon nan enpak yo ki baze sou zòn nan</b> TBTA ap fè machin k ap vwayaje nan pati nò sou FDR Drive ki soti sou East Houston Street e apre sa ki vire Machin ki peye tarif peyaj la k ap pran direksyon nò sou FDR Drive ki soti sou East Houston Street e ki vire tousuit pou pran direksyon sid sou FDR Drive la ant Brooklyn Bridge ak East Houston Street.</p> <p>NYCDOTap travay pou l ranplase TRU ki mache ak dyezèl nan Hunts Point ak machin ki pa degaje eleman toksik.</p> <p>NYSDOT pral travay pou agrandi enfrastrikti pou pèmèt kamyon elektrik yo chaje.</p> <p>Sipòtè Pwojè yo pral travay pou plante pyebwa bò kot wout yo pou amelyore kalite lè a.</p> <p>Moun k ap sipòtè Pwojè yo pral repare plas piblik yo ak kote yo plante pyebwa yo.</p> <p>Sipòtè pwojè yo pral enstale parèy pou filtre lè a nan lekòl ki toupre otowout yo.</p> <p>Sipòtè Pwojè yo pral travay pou agrandi pwogram ki la pou jere ka moun ki fè opresyon yo epi kreye yon pwogram ki baze sou kominote yo grasa yon sant pou moun ki gen opresyon nan Bronx.]</p>

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWONMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		

**AMELYORASYON PWOJÈ A ANJENRAL.** Sipòtè Pwojè yo pran angajman pou yo kontinye kontwòle ak rapòte enpak potansyèl sou Pwojè a, tankou pa egzanp, trafik k ap antre CBD, milyaj machin ki fè trajè nan CBD; pakou transpò founisè nan rejyon an; vitès bis nan CBD; kalite lè ak polisyon; pakin; ak revni Pwojè a. Yo pral kolekte done avan ak aprè reyalizasyon pwojè a. Yo pral soti yon rapò sou enpak pwojè yon ane aprè reyalizasyon an epi aprè sa chak dezan. Anplis, yon sit entènèt pou rapò pral rann done, analiz ak vizyalizasyon yo disponib an fòm done ouvè pou anpil moun posib **[I ap bay bon rezilta]**. Pral gen mizajou ki fèt omwen twa fwa pa ane lè done yo disponib ak lè analiz yo fini. **[Enfòmasyon sa a ap sèvi tou pou soutni apwòch jesyon adaptasyon an pou kontwòle rezilta dispozisyon pou diminye enpak yo bay, ansanm ak chanjman yo lè sa nesèsè.]**

**[Remak:**

- 1 Sipòtè Pwojè yo pran angajman pou mete yon règleman peyaj k ap diminye tarif peyaj la lè l ta lannuit soti nan omwen 12:00 AM pou rive 4:00 AM. Dapre echantiyo ki te chwazi nan senaryo peyaj nou te analize nan EA a, nou prevwa règleman sa a ap anpeche yon gwo kantite kamyon k ap pran lòt wout pou yo pa peye, piske anpil nan kamyon sa yo k ap pran lòt wout pou yo pa peye yo t ap fè sa lannuit. Aprè Komite TBTA fin deside chwazi metòd pèman pou CBD a, sa k ap gen ladan l eksepsyon/rabè lannuit, n ap eseye metòd peyaj nou chwazi a pou nou ka wè ki kote kamyon yo ap deside pran lòt wout pou yo pa peye a. Lè kominote yo ak sektè resansman yo fin konfime nan analiz orè peyaj nou kenbe a, anplisman presi pou dispozisyon ki pran pou diminye enpak yo dapre zòn yo pral mande plis kolaborasyon ant Sipòtè Pwojè yo, Gwoup ki nan Kominote Kote Po Moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a (ki reprezante 10 awondisman nan zòn sa a), kominote enpòtan k ap resevwa rediksyon enpak yo ki baze sou zòn nan, ak ajans lokal ak eta k ap mete dispozisyon yo sou pye.]

Tablo 2. Dispozisyon ki pran pou gen rediksyon ki baze sou rejyon an ak kote a

DISPOZISYON POU DIMINYE ENPAK YO	AVANTAK AK REZILTA REDIKSYON ENPAK YO	5 LANE FINANSMAN	KOTE KI ENPÒTAN	KOTE LAJAN AN AP SOTI	RESPONSAB POU METE L SOU PYE
<b>Rediksyon nan enpak yo nan Nivo Rejyonal</b>					
Plis rediksyon nan peyaj nan lè li ta lannuit yo	Diminye/evite kamyon k ap pran lòt wout pou yo pa peye	\$30 milyon	zòn etid sou jistis anviwònmanal nan 10 awondisman	Pwogram Peyaj CBD	TBTA
Agrandi Pwogram Kamyon Ki P ap Degaje Eleman Toksik Nan Anviwònman an nan NYC	Rediksyon NOx ak PM <sub>2.5</sub> apati ~500 nouvo kamyon ki p ap degaje eleman toksik nan anviwònman an	\$20 milyon		Pwogram Peyaj CBD	NYCDOT
Agrandi Pwogram NYCDOT pou Livrezon Lè Wout la pa okipe a	Avantaj ki gen nan sekirite ak rediksyon eleman toksik nan anviwònman an akòz rediksyon nan sikilasyon kamyon pandan jounen an	\$5 milyon		Pwogram Peyaj CBD	NYCDOT
<b>Rediksyon nan enpak yo ki baze sou zòn nan</b>					
Machin ki peye tarif peyaj la k ap pran direksyon nò sou FDR Drive ki soti sou East Houston Street e ki pran direksyon sid sou FDR Drive	Ant 25 ak 35 pousan sikilasyon machin ki pa kamyon ki ogmante sou FDR Drive a te ka diminye.	PA APLIKAB	FDR Drive ant Brooklyn Bridge ak East Houston Street	PA APLIKAB	TBTA
Ranplasman Aparèy Pou Klimatizè Nan Transpò yo (TRU) sou Mache Pwodui Hunts Point lan	Gwo rediksyon nan NOx ak PM <sub>2.5</sub> akòz ranplasman 1,000 TRU pou pi plis	\$15 milyon <sup>2</sup>	Hunts Point	Pwogram CMAQ MTA	NYCDOT
Mete Sou Pye Enfrastriki pou Kamyon Elektrik	Rediksyon NOx ak PM <sub>2.5</sub> akòz machin elektrik ki sèvi ak 35 nouvo chajè (nan sèt estasyon)	\$20 milyon	Lèt tou sistèm peyaj yo enstale, n ap mete sou pye yon pwosesis kote n ap fè lòt analiz e n ap gen kolaborasyon moun nan kominote a pou konnen zòn byen presi yo	\$10 milyon Federal CRP + \$10 milyon Pwogram Peyaj CBD	NYSDOT
Plante Pyebwa Bò kot Wout yo Pou Amelyore Kalite Lè a	Amelyore kalite lè a lè nou kapte eleman toksik nan atmosfè a ak ~4,000 pyebwa ak ~40,000 ti pyebwa	\$10 milyon		Pwogram Peyaj CBD	TBTA ak Eta ki Enpòtan yo ak Ajans Lokal yo
Renovasyon Plas Piblik ak Pak ki gen pyebwa nan kominote ki gen moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete a	Amelyore byennèt jeneral moun yo nan kominote a. renovasyon 2-5 plas piblik/ pak ki gen pyebwa sa depan de gwosè a ak jan l difisil pou fè travay yo.	\$25 milyon		Pwogram Peyaj CBD	TBTA ak Eta ki Enpòtan yo ak Ajans Lokal yo
Enstale Aparèy pou Filtre Lè a nan Lekòl ki Toupre Otowout yo	Retire eleman toksik nan anviwònman nan klas yo. 25-40 lekòl sa depan de gwosè lekòl yo ak kantite travay ki gen pou fèt nan sistèm HVAC a.	\$10 milyon		Pwogram Peyaj CBD	TBTA ak Eta ki Enpòtan yo ak Ajans Lokal yo
Mete sou pye Pwogram ak Sant Jesyon Ka Opresyon	Diminye kantite moun k ap entène ak vizit kay doktè yo, diminye jou ak nuit ki gen sentom ak kantite jou lekòl timoun rate - pwogram pou elaji 25 lekòl pou pi plis	\$20 milyon		Pwogram Peyaj CBD	NYC DOHMH

<sup>1</sup> Yo dispoze yon lòt \$5 milyon dola pou rediksyon ak amelyorasyon dispozisyon ki gen rapò ak siveyans nan lòt domèn, asanm ak 47.5 milyon dola pou peyaj pou moun ki gen revni ki fèb yo gen rabè jan nou te wè sa a pi wo a. Dispozisyon pou fè amelyorasyon yo gen ladan yo suiv kalite lè a sa k ap agrandi rezo ki responsab pou suiv la ki nan NYC. N ap chwazi zòn yo pandan n ap reflechi sou sikilasyon an ak analiz ki fèt sou kalite lè a na EA a epi an kolaborasyon ak moun ki fè pati kominote moun yo gen po fonsè e y ap viv anba limit povrete a ak eta ki enpòtan yo ak ajans lokal yo. Sa pral konplete dispozisyon ki pran pou diminye enpak yo nan nivo rejyonal e ki baze sou zòn yo ki gen rapò ak chofè k ap pran lòt wout pou yo evite peye jan sa mansyone nan Tablo ES-5 (gade chapit 10, "Kalite Lè a," pou plis detay).

<sup>2</sup> Apre twa lane, nenpòt lajan ki rete ki te la pou chanje TRU yo ka sèvi pou fè tikè pou ranplase kamyon yo ak kamyon ki p ap degaje eleman toksik grasa Pwogram Kamyon ki P ap Degaje Eleman Toksik NYC a.



Tablo 3. Rapò Konsènan Lòt Apwòch pou Mete Sou Pye Pwogram Peyaj CBD pou Diminye Enpak yo epi Amelyore Dispozisyon ki Pran yo]

CHAPIT EA – SIJÈ	KOTE KI ENPÒTAN	DESKRIPSYON DISPOZISYON POU DIMINYE ENPAK YO OSWA AMELYORASYON	KALANDRIYE POU RASANBLE ENFÒMASYON ANVAN AK APRE NOU FIN METE PWOJÈ A SOU PYE PARAPÒ AK DISPOZISYON BYEN PRESI KI PRAN	LIMIT POU DESIDE KILÈ N AP ANTAME LÒT ETAP LA (YO)	KALANDRIYE POU DISPOZISYON BYEN PRESI	AJANS K AP PRAN LATÈT
<b>4B – Transpò: Otowout ak Entèseksyon Lokal – Trafik-Branch Otowout</b>	Branch otowout: <ul style="list-style-type: none"> <li>Direksyon lwès Long Island Expressway (I-495) prè Tinèl Queens-Midtown Tunnel (midi)</li> <li>Pwòch direksyon lwès Pon George Washington sou I-95 (midi)</li> <li>Direksyon Sid ak direksyon nò FDR Drive ant East 10th Street ak Brooklyn Bridge (PM)</li> </ul>	<p>Sipòtè Pwojè yo pral reyalize yon plan kontwòl avan reyalizasyon ak apre reyalizasyon done ki kolekte yo anviwon twa mwa apre kòmanse operasyon yo ak limit; si yo antre oswa travèse limit yo, Sipòtè Pwojè yo pral aplike plizyè mezi Jesyon Demand Transpò (TDM), tankou mezi ranp, moun ki sou moto k ap bay enfòmasyon, siyalizasyon sou tout otowout ke yo dezinye ki gen efè negatif nan reyalizasyon Pwojè a. NYSDOT se pwopriyete branch otowout Long Island Expressway ak I-95 e li responsab pou l pran swen yo. Pati nan otowout FDR ki pou NYSDOT pati sid Montgomery Street ak pati nò NYCDOT Montgomery Street. Lè y ap mete dispozisyon TDM sa yo sou pye se pwopriyete otowout yo k ap aranje sa e pwopriyete otowout yo ak byen ki sou otowout yo enpètan pou mete TDM nan sou pye.]</p> <p>Apre yo fin mete sou pye [dispozisyon TDM yo], Sipòtè Pwojè yo pral kontwòle efè yo, si sa nesèsè, TBTA pral chanje tarif pèman yo, kredi pou travèse, eksepsyon ak/oswa rabè [nan kritè orè pou peyaj nou chwazi a] pou diminye enpak negatif yo.</p>	<p>Dat y ap mete pou rasanble enfòmasyon yo ap baze sou sezon an ak lòt eleman tankou aktivite konstriksyon ki gen rapò ak pi bon metòd pou kontwòle sikilasyon an. Modèl pou evalye delè ap fin fèt 60 jou aprè nou fin rasanble enfòmasyon.</p> <p>Enfòmasyon debaz yo n ap rasanble yo nan sis mwa anvan nou mete Pwojè a sou pye. N ap rasanble enfòmasyon apre nou fin mete pwojè a sou pye twa mwa apre nou fin mete sistèm peyaj la.</p> <p>Si nou mete dispozisyon TDM yo sou pye, n ap rasanble lòt enfòmasyon nan sis mwa apre nou fin mete yo sou pye pou nou gade si yo te abòde enpak negatif yo.</p>	<p>Yon ogmantasyon nan mwayèn reta ki gen nan moman kote gen anpil aktivite nan jounen an pandan wikenn nan ki se 2.5 minit oswa plis.</p> <p>Metòd pou rasanble enfòmasyon yo ak evalyasyon an ap suiv prensip ki gen rapò ak enstriksyon nan Gid NYSDOT Highway Design 5.2 ak Pwosedi NYSDOT Data Services.</p>	<p>Moun ki pran latèt yo ak ajans yo pral apwouve plan kontwòl la anvan nou pibliye yon dokiman ki gen desizyon.</p> <p>N ap mete dispozisyon TDM yo sou pye pandan de jiska dizuit mwa apre nou fin konfime reta ki genyen nan plis limit ki gen nan etap k ap vini yo. Dispozisyon ki pi fasil pou reyalize (pa egzanp, plizyè pano ki gen mesaj diferan) ap fin fèt anvan. Nan moman an NYSDOT gen de pwojè TDM k ap avanse nan branch LIE ki enpòtan yo ak nan Cross Bronx (I-95) ak dispozisyon TDM yo ta ka koresponn ak pwojè sa yo, lè sa a nesèsè.</p> <p>Chanjman nan tarif peyaj yo, kredi pou travèse, eksepsyon, ak/oswa rabè k ap genyen lè nou fin konfime gen reta nan plis limit ki gen nan etap ki vin annapre yo ap kontinye apre nou fin met dispozisyon TDM yo sou pye, pou nou ka analize ki sa chanjman sa yo ap fè ak sansibilizasyon piblik la parapò ak nenpòt chanjman.</p>	NYSDOT ap pran latèt nan patenarya ak TBTA ak NYCDOT.
<b>4B – Transpò: Otowout ak Entèseksyon Lokal – Entèseksyon</b>	Kat entèseksyon lokal yo nan Manhattan: <ul style="list-style-type: none"> <li>Trinity Place ak Edgar Street (nan mitan jounen)</li> <li>East 36th Street ak Second Avenue (nan mitan jounen)</li> <li>East 37th Street ak Third Avenue (nan mitan jounen)</li> <li>East 125th Street ak Second Avenue (AM, PM)</li> </ul>	[NYCDOT] kontwòle entèseksyon kote [ka gen]yo idantifye efè negatif yo ak fè aranjman apwopriye nan lè siyal yo pou kontwòle efè a, selon pratik nòmal NYCDOT.	<p>Dat y ap mete pou rasanble enfòmasyon yo ap baze sou sezon an ak lòt eleman tankou aktivite konstriksyon ki gen rapò ak pi bon metòd pou kontwòle sikilasyon an. Modèl pou evalye delè ap fin fèt 60 jou aprè nou fin rasanble enfòmasyon.</p> <p>Enfòmasyon debaz yo n ap rasanble yo nan sis mwa anvan nou mete Pwojè a sou pye.</p> <p>N ap rasanble enfòmasyon sis mwa apre nou fin mete Pwojè a sou pye.</p>	<p>Pou entèseksyon nan LOS E D oswa F anvan pwojè a sou pye, yon ogmantasyon nan reta nan entèseksyon an ki plis pase senk segonn.</p> <p>Pou entèseksyon nan LOS E D oswa pi bon anvan pwojè a sou pye, yon ogmantasyon nan reta nan entèseksyon an ki plis pase senk segonn nan LOS pou E oswa F.</p>	<p>Senkwonizasyon nan tan siyal yo ap dire a ap fèt nan espas 90 jou apre nou fin konfime reta nan plis limit ki gen nan etap k ap vini yo.</p>	NYSDOT ap pran latèt nan patenarya ak TBTA.

CHAPIT EA – SIJÈ	KOTE KI ENPÒTAN	DESKRIPSYON DISPOZISYON POU DIMINYE ENPAK YO OSWA AMELYORASYON	KALANDRIYE POU RASANBLE ENFÒMASYON ANVAN AK APRE NOU FIN METE PWOJÈ A SOU PYE PARAPÒ AK DISPOZISYON BYEN PRESI KI PRAN	LIMIT POU DESIDE KILÈ N AP ANTAME LÒT ETAP LA (YO)	KALANDRIYE POU DISPOZISYON BYEN PRESI	AJANS K AP PRAN LATÈT
<b>4C – Transpò: Transpò Piblik - Eleman Vwayaj</b>	Estasyon Hoboken Terminal–PATH (NJ) Eskalye 01/02	TBTA pral travay avèk NJ TRANSIT ak PANYNJ pou kontwòl volim pyeton sou Eskalye 01/02 yon fwa pa mwa avan operasyon peyaj yo kòmanse pou etabli yon baz, e de mwa aprè operasyon Pwojè a fin kòmanse. Si yon konparezon volim pasaje ki nan Eskalye 01/02 ak aprè aplikasyon Pwojè a montre yon chanjman ki pi gwo oswa egal a 205, TBTA pral travay avèk NJ TRANSIT AK PANYNJ pou fè amelyorasyon nan siyalizasyon e jwenn yon fason pou devye kèk moun pou yo pa pran Eskalye 01/02 a, ak plis anplwaye si sa nesèsè.	Pou kantite pasaje k ap nan eskalye yo, n ap rasanble enfòmasyon debaz yon mwa anvan nou kòmanse ak sistèm peyaj la, e de mwa aprè operasyon Pwojè a fin kòmanse.  NJ TRANSIT ak PANYNJ ap rasanble enfòmasyon konsènan kantite moun k ap nan estasyon yo e y ap analize yo ti kras pa ti kras.	Si yon konparezon volim pasaje ki nan Eskalye 01/02 ak aprè aplikasyon Pwojè a montre yon chanjman ki pi gwo oswa egal a 205.  Pou plis anplwaye, si siyal yo rive nan limit yo men siyal yo pa enstale, e yon kantite moun ki nan estasyon yo antou nan Hoboken Terminal se 90 pousan nivo I te ye nan lane 2019, 30 jou anvan nou kòmanse operasyon peyaj la.	TBTA, PANYNJ, ak NJ TRANSIT pral apwouve plan kontwòl la anvan nou pibliye yon dokiman ki gen desizyon epi MOU ap fèt apre sa.  MOU ap aplike nan espas 120 jou apre nou fin mete tarif peyaj la sou pye.  N ap kreye siyal yo apre MOU fin sou pye.  N ap kreye siyal yo e n ap enstale yo tousuit apre nou fin wè kantite pasaje k ap anplis nan limit nou mete pou pwochen etap yo.  N ap mete plis anplwaye, si sa nesèsè, nan estasyon yo nan espas 45 jou apre nou fin kantite pasaje k ap anplis nan limit nou mete pou pwochen etap yo.  N ap gen plis anplwaye jiskaske nou fin fè siyal yo e jiskaske yo fin enstale.	TBTA ap pran latèt e l ap kolabore ak NJ TRANSIT ak PANYNJ.
	Estasyon tren 42 St-Times Square–square Eskalye (Manhattan) ML6/ML8 ki konekte ak etaj avèk platfòm tren anba tè uptown liy 1/2/3	TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou retire bawo santral la epi estandadize sak pou ki pou fè mach eskalye a monte a, pou eskalye a ka rankontre avèk kòd la san bawo a. Y ap fikse limit la pou pèmèt gen ase tan pou fè kontwòl la pou efè negatif la pa rive.	Dat egzak la ap fikse dapre sezon an ak lòt eleman tankou chanjman nan sèvis yo ak aktivite konstriksyon ki gen nan estasyon an.  Pou kantite pasaje ki pran eskalye yo, enfòmasyon debaz yo n ap rasanble yo nan sis mwa anvan nou mete Pwojè a sou pye. N ap rasanble enfòmasyon nan yon lane apre nou fin mete Pwojè a sou pye.  MTA NYCT ap rasanble enfòmasyon konsènan kantite moun k ap nan estasyon yo e y ap analize yo ti kras pa ti kras e enfòmasyon yo ap baze sou enfòmasyon ki nan gichè pou antre ak soti ki nan sistèm nan.	Si yon konparezon pou kantite pasaje ki pran Eskalye ML6/ML8 pandan lè ki gen aktivite pandan semèn nan anvan ak apre Pwojè a fin sou pye montre yon chanjman ki pi gwo oswa egal a 92 pasaje nan jou nan semèn nan pandan gen anpil aktivite, ak kantite moun ki nan estasyon tren ki nan 42 St-Times Square yo se 90 pousan nivo I te ye nan lane 2019.  Metòd pou rasanble enfòmasyon yo ak evalyasyon an ap suiv prensip ki gen rapò ak enstriksyon ki nan <i>CEQR Technical Manual</i> e NYCT ap jere yo.	Fason pou l fèt ak jan n ap distribye mwayen yo ap kòmanse lè limit pasaje nou te fikse a rive, e n ap retire ranp lan anvan tout moun k ap nan estasyon yo rive antou ki depase 90 pousan nivo I te ye nan lane 2019 la.	TBTA ap pran latèt nan patenarya ak MTA NYCT.
	Estasyon tren anba tè Flushing-Main St (Queens)–Eskalye mekanik E456 ki konekte ri avèk mezzanine	TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, MTA NYCT pral ogmante vitès la soti 100 pye pa minit (fpm) a 120 (fpm).	Dat egzak la ap fikse dapre sezon an ak lòt eleman tankou chanjman nan sèvis yo ak aktivite konstriksyon ki gen nan estasyon an.  Pou kantite pasaje ki pran eskalye yo, enfòmasyon debaz yo n ap rasanble yo nan sis mwa anvan nou mete Pwojè a sou pye. N ap rasanble enfòmasyon nan yon lane apre nou fin mete Pwojè a sou pye.	Si yon konparezon pou kantite pasaje ki pran Eskalye E456 pandan lè ki gen aktivite pandan semèn nan anvan ak apre Pwojè a fin sou pye montre yon chanjman ki pi gwo oswa egal a 26 pasaje nan jou nan semèn nan pandan gen anpil aktivite, ak kantite moun ki nan estasyon tren ki nan Flushing-Main St yo se 90 pousan nivo I te ye nan lane 2019.  Metòd pou rasanble enfòmasyon yo ak evalyasyon an ap suiv prensip ki gen rapò ak enstriksyon ki nan <i>CEQR Technical Manual</i> e NYCT ap jere yo.	Anvan tout moun k ap nan estasyon yo rive antou ki depase 90 pousan nivo I te ye nan lane 2019 la.	TBTA ap pran latèt nan patenarya ak MTA NYCT.

CHAPIT EA – SIJÈ	KOTE KI ENPÒTAN	DESKRIPSYON DISPOZISYON POU DIMINYE ENPAK YO OSWA AMELYORASYON	KALANDRIYE POU RASANBLE ENFÒMASYON ANVAN AK APRE NOU FIN METE PWOJÈ A SOU PYE PARAPÒ AK DISPOZISYON BYEN PRESI KI PRAN	LIMIT POU DESIDE KILÈ N AP ANTAME LÒT ETAP LA (YO)	KALANDRIYE POU DISPOZISYON BYEN PRESI	AJANS K AP PRAN LATÈT
<b>4C – Transpò: Transpò Piblik - Eleman Transpò (Cont'd)</b>	Estasyon tren Union Sq subway station (Manhattan)–Escalye mekanik E219 ki konekte platfòm L subway line avèk Nos. 4/5/6 line mezzanine	TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, MTA NYCT pral ogmante vitès eskalye mekanik la soti 100 fpm a 120 fpm.	Dat egzak la ap fikse dapre sezon an ak lòt eleman tankou chanjman nan sèvis yo ak aktivite konstriksyon ki gen nan estasyon an.  Pou kantite pasaje ki pran eskalye yo, enfòmasyon debaz yo n ap rasanble yo nan sis mwa anvan nou mete Pwojè a sou pye. N ap rasanble enfòmasyon nan yon lane apre nou fin mete Pwojè a sou pye.  MTA NYCT ap rasanble enfòmasyon konsènan kantite moun k ap nan estasyon yo e y ap analize yo ti kras pa ti kras e enfòmasyon yo ap baze sou enfòmasyon ki nan gichè pou antre ak soti ki nan sistèm nan.	Si yon konparezon pou kantite pasaje ki pran Eskalye E219 pandan lè ki gen aktivite pandan semèn nan anvan ak apre Pwojè a fin sou pye montre yon chanjman ki pi gwo oswa egal a 21 pasaje nan jou nan semèn nan pandan gen anpil aktivite, ak kantite moun ki nan estasyon tren ki nan Union Sq yo se 90 pousan nivo l te ye nan lane 2019.  Metòd pou rasanble enfòmasyon yo ak evalyasyon an ap suiv prensip ki gen rapò ak enstriksyon ki nan <i>CEQR Technical Manual</i> e NYCT ap jere yo.	Anvan tout moun k ap nan estasyon yo rive antou ki depase 90 pousan nivo l te ye nan lane 2019 la.	TBTA ap pran latèt nan patenarya ak MTA NYCT.
